

MEMORANDÒM

POU: Komite Lekòl la

DE: Biwo Lekòl Segondè a

CC: Sipèentandant Brenda Cassellius
Chef Ekip Mary Dillman
Konseye Prensipal Megan Costello

DAT: **23/6/2021**

RE: **Sispansyon Politik Laj Maksimòm AMT -5 Kontinye**

An aliyman avèk etap Lekòl Piblik Boston yo te pran pou “pa fè elèv yo okèn mal” pandan nou navige fèmeti distri san presedan an, Biwo Lekòl Segondè a ap mande yon sispansyon tanporè kontinye pou Politik Laj Maksimòm pou Plasman ak Anwòlman an (AMT-5).

An abondans de pridans, Biwo Lekòl Segondè a (Lindsa McIntyre, Elia Bruggeman, Manny Allen, Ted Lombardi, ak Carlos Diaz), ap mande spesifikman pou nou pèmèt elèv ki aktyèlman atann pou yo depase laj pou plasman skolè yo poutèt Politik Laj Maksimòm ak Anwòlman an (AMT-5) yo rete nan lekòl aktyèl yo jouk fen ane skolè 2021-22 a oswa jiskaske yo satisfè egzijans yo pou gradyasyon, sa ki fèt avan an.

Sispansyon politik sa a aplike pou tout elèv ki asiste lekòl edikasyon altènatif oswa segondè ki ta otreman inelijib pou yo kontinye anwòlman yo poutèt laj yo (21 an nan jou oswa avan 31 out 2021).